QORAQALPOG‘ISTON RESPUBLIKASI MO‘YNOQ TUMANI HOKIMINING QARORI		QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ MOYNAQ RAYONÍ HÁKIMINIŃ SHESHIMI

№ 06/468 «28» июня 2021 j.y.

Мойнақ районы аймағында барлық хожалық жүргизиўши субъектлерге ҳәм пуқараларға тийисли болған автомототранспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериў ҳаққында

“Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында”ғы Өзбекстан Республикасы Нызамының 6, 25-статьялары, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 9-март күнги “Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў тәртибин жетилистириўге байланыслы қосымша ис-илажлар ҳаққында”ғы 125-санлы қарарына тийкар, район аймағында 2021-жылда Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў мақсетинде,

ШЕШИМ ЕТЕМЕН:

1. Район аймағындағы юридикалық ҳәм физикалық шахсларға тийисли болған автомототранспорт қураллары ҳәм олардың тиркемелери тийисли тәртипте мәжбүрий техникалық көриктен өткерилсин.

2. 2021-жыл 1-сентьябрден баслап физиқалық шахсларға тийисли болған М-1 тайпадағы автотранспорт қураллары исбилермен субъектлери-юридиқалық шахслар (кейинги орында-исбилермен субъектлери) тарепинен мәжбурий техник көригинен өткериўде ҳәрекетлениўши мобиль техника қадағалаў линияларынан пайдаланыўы белгиленсин.

3. Районда транспорт қуралларын техникалық көриктен өткериў төмендеги мүддетке муўапық белгиленсин:

а) коммерциялық тийкарда жолаўшылар тасыў ушын пайдаланылатуғын жеңил автомобиллер, автобуслар ҳәм отырылатуғын орынлар саны 8 ҳәм оннан артық болған (айдаўшының орнынан тысқары), адамларды турақлы тасыў ушын үскенеленген жүк автомобиллери, үлкен габаритли, аўыр салмақлы ҳәм қәўипли жүклерди тасыў ушын арнаўлы транспорт қураллары ҳәм олардың тиркемелери - бир жылда еки мәрте;

б) ислеп шығарылғанына алты жылдан көп болмаған транспорт қуралары (усы бәнттиң “а” киши бәнтинде көрсетилген транспорт қуралларынан тысқары) - еки жылда бир мәрте;

в) ислеп шығарылғанына алты жылдан артық болған транспорт қуралары, сондай-ақ ислеп шығарылған ўақты анықланбаған транспорт қуралары (усы бәнттиң «а» киши бәнтинде көрсетилген транспорт қуралларынан тысқары) - бир жылда бир рет;

г) тиркемелер техник көрикке транспорт қуралы – тиркеўге алыў ушын белгиленген мүддетлерде;

д) нәўбеттеги техникалық көриктен өткериўдиң алдынғы орнатылған мүддетлерине қарамастан, оларды мәмлекетлик жол ҳәрекети қәўипсизлиги хызмети органларында дизимнен өткериў (қайта дизимнен өткериў) ўақтында (биринши мәрте дизимге алынып атырған жаңа транспорт қуралары буннан тысқары);

4. Усы қарардың 3-бәнти “а” киши бәнтинде көрсетилген транспорт қуралларының техникалық көриги:

биринши мәрте - усы жылдың 1-мартынан 30-июньға шекем;

екинши мәрте - усы жылдың 1-сентябринен 31-октябрине шекем өткерилсин.

Физиқалық ҳәм юридиқалық шахсларға тийисли басқа транспорт қуралларының техник көриги 1-январьдан 31-декабрь күнине.

5. Жаңа транспорт қуралары мәмлекетлик жол ҳәрекети қәўипсизлиги хызмети органларында дизимнен өткериўде техник көригинен өткерилмейди.

6. Районда техникалық көрикти өткериў ушын дүзилген комиссия қурамы 1-қосымшаға муўапық, физикалық ҳәм юридикалық шахсларға тийисли болған транспорт қуралларының 2021-жылғы мәжбүрий техникалық көригин өткериў кестеси 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

7. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 9-мартдағы “Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў тәртибин жетилистириўге байланыслы қосымша ис-илажлар ҳаққында”ғы 125-санлы қарарының 3-бәнти талапларынан келип шығып, районлық қорғаныў бөлими, Миллий гвардия, ишки ислер бөлими ҳәм Миллий қәўипсизлик хызмети әскерий бөлимлери транспорт қуралары мәжбүрий техникалық көриклери өзлериниң жоқары шөлкемлериниң қарары ҳәм ис режеси тийкарында әмелге асырылыўы нәзерде тутылсын.

8. Район ҳәкиминиң 2021-жыл 5-февральдағы “Мойнақ районы аймағында барлық хожалық жүргизиўши субъектлерге ҳәм пуқараларға тийисли болған автомототранспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий

техникалық көриктен өткериў ҳаққында”ғы 02/43-санлы шешими (“Арал балықшысы” газетасының 2021-жыл 13-февраль күнги 3-саны) 2021-жылдың 9-март күни өз күшин жоғалтқан деп есаплансын.

9. Усы шешим “Арал балықшысы” газетасында дағазалансын ҳәм ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтына жайластырылсын.

10. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасары К.Батырбаев ҳәм Районлық Ишки ислер бөлими жол ҳәрекети қәўипсизлиги топары, МЖХК аға инспекторы лейтенант М.Батбаевқа жүклетилсин.

11. Усы шешим рәсмий дағазаланған күннен баслап күшке киреди.

Мойнақ районы
ҳәкими: **Е.Еденбаев**

Мойнақ районы ҳәкиминиң
«28» - июня 2021-жыл
№06/468-санлы шешимине
1-қосымша

Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў бойынша районлық комиссия қурамы

М. Батбаев	Мойнақ районлық Ишки ислер бөлими жол ҳәрекети қәўипсизлиги топары, МЖХК аға инспекторы, лейтенант комиссия баслығы
К. Батырбаев	Мойнақ район ҳәкиминиң орынбасары, комиссия баслығының орынбасары

Комиссия ағзалары:

Ю.Тогызбаев	Мойнақ районы жоллардан пайдаланыу унитар карханасы баслыгы
Қ.Абдиханов	Мойнақ районы аўыл хожалығы бөлими баслығы
Р.Бердимуратов	Мойнақ районлық қаржы бөлими баслығы
Б.Жамалова	«Мәҳалле» қоры Мойнақ районы бөлими баслығы
А. Рахматуллаев	Мойнақ районы мәмлекетлик салық инспекциясы баслығы
Д.Аблаева	Мойнақ районы «Арал балықшысы» газетасы бас редакторы

Еслетпе: *Исши топар ағзалары лаўазымы өзгерген жағдайда, жаңадан тайынланған шахс исши топар жумысларын даўам еттиреди.*

Мойнақ районы ҳәкиминиң
«28» июня 2021-жыл
№06/468-санлы шешимине
2-қосымша

Райондағы мекеме, кәрхана, шөлкемлердиң транспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериў кестеси

№	Кәрхана атамалары	Транспорт қуралының саны	Техникалық көзден өткериў сәнеси	Техникалық көзден өткериў орны	Орынлаўшы
1	2	3	4	5	6
1	Мойнақ районы қурылыс болими	1	03.07.2021	Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 9-март күнги 125-санлы қарары менен тастыйықланған Режениң (кейинги орынларда Реже) 29-31-бәнтлеринде Рухсатнамага ийе болған арнаўлы техник көриктен өткериў орынларында	М.Батбаев
2	Районлық аўыл хожалығы ҳәм суў хожалығы бөлимине қараслы автотранспорт қуралларын техникалық көриктен өткериў кестеси	1	10.07.2021		М.Батбаев
3	Районлық салық инспекциясына қараслы автотранспорт қуралларын техник көриктен өткериў	1	17.07.2021		М.Батбаев
4	Мойнақ тоғай хожалығына қараслы транспорт қуралларын техник көриктен өткериў	6	24.07.2021		М.Батбаев
5	Районлық Ветстанцияға қараслы транспорт қуралларын техник көриктен өткериў	1	01.07.2021		М.Батбаев
6	Ҳәкимиятқа қараслы транспорт қуралларын көриктен өткериў	5	03.07.2021		М.Батбаев
7	Почта байланыс кәрханасына қараслы транспорт қуралларын техник көриктен өткериў	1	08.07.2021		М.Батбаев
8	Районлық санитария-эпидемиологияға қараслы транспорт қуралларын техник көриктен өткериў	1	10.07.2021		М.Батбаев
9	Районлық Қаржы бөлимине қараслы транспорт қуралларын техник көриктен өткериў	1	15.07.2021		М.Батбаев

10	Мойнақ районлық емлеуханаға қараслы транспорт қуралларын техник көриктен өткериў	6	17.07.2021	Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 9-март күнги 125-санлы қарары менен тастыйықланған Режениң (кейинги орынларда Реже) 29-31-бәнтлеринде Рухсатнамага ийе болған арнаўлы техник көриктен өткериў орынларында	М.Батбаев
11	Мойнақ байланыс бөлимине қараслы транспорт қуралларын техник көриктен өткериў	1	22.07.2021		М.Батбаев
12	Жол қурылыс бөлимине қараслы транспорт қуралларын техник көриктен өткериў	5	24.07.2021		М.Батбаев
13	Мойнақ электр тармақларына қараслы транспорт қуралларын техник көриктен өткериў	3	21.07.2021		М.Батбаев
14	«Мойнақтумангаз» филиалына қараслы транспорт қуралларын техник көриктен өткериў	1	29.07.2021		М.Батбаев
15	«Арал толқын» ЖШЖ-ға қараслы транспорт қуралларын техник көриктен өткериў	5	24.07.2021		М.Батбаев
16	Абаданластырыў басқармасына қараслы транспорт қуралларын техник көриктен өткериў	9	30.07.2021		М.Батбаев
17	«Мойнақ-Такси» ЖШЖ-ға қараслы транспорт қуралларын техник көриктен өткериў	16	10.08.2021		М.Батбаев
18	«Спец техника» ЖШЖ-ға қараслы транспорт қуралларын техник көриктен өткериў	6	05.08.2021		М.Батбаев

Еслетпе: *Усы Нызамның 2-бантине тийкар, 2021 жылдың 09-март сәнесинен баслап 31.12.2021 сәнесине шекем физикалық шахсларға тийисли болған М-1 категориядағы автотранспорт қураллары тек исбилермен субъектлери тарепинен техникалық көриктен өткериледи.*

Мойнақ районлық ИИБ ниң
жол ҳәрекети қәўипсизлиги топары,
МЖХК аға инспекторы лейтенант : М.Батбаев.